

Bwouyon 3.29.21

POLITIK PREZANS AK PONKTYALITE EPI PWOSEDI YO

Sikilè sa reflekte politik Komite Lekòl yo ak pwosedi ponktyalite ak prezans, jan Komite Boston School la apwouve l. Li genyen endikasyon yo detaye sou:

- Politik Prezans
- Politik Ponktyalite
- Avi pou paran/moun k ap bay swen yo
- Pwoblèm sekirite ki gen rapò ak prezans
- Anrejistre epi konsève prezans elèv yo
- Anrejistre epi fè swivi DNR yo (Pa t Rapòte yo, DNRs)
- Reta elèv yo
- Veye avi bay paran/moun k ap bay swen yo sou absans elèv yo
- Veye avi bay paran/moun k ap bay swen yo pou yon timoun ki pèdi
- Anrejistre epi apwouve konje
- Apwouve kou patikilye lakay
- Pwotokòl pou soti
- Pwosedi pou Referans ak Sipèvizè Prezans

KONTÈKS AK PRENSIP JENERAL Yo

Amelyore ak konsève prezans elèv ki toujou alè yo se yon priyorite esansyèl pou Boston Public School yo (BPS). Elèv yo pa ka pwofite opòtinite ekstraeskolè ak akademik yo si yo pa toujou vin lekòl. Y ap atann pou tout Boston Public School ak School Site Council yo pou yo mete anplas estrateji prevansyon ak entèvansyon konpreyansif pou amelyore prezans elèv yo chak ane lekòl

Komite Lekòl la te apwouve politik prezans elèv BPS (Boston Public School) yo nan lane 1998-1999 Yo te revize l an me 2006 ak jen 2007 ak entèdiksyon pou tout sistèm nan pa itilize tan limit yo pou refize pou elèv yo rantr nan batiman yo, ak plis fleksiblite pou lekòl yo pwomouvwa epi asire prezans alè epi ki konsistan anpil. Yo te revize l ankò nan lane 2018 pou yo mete konje kiltirèl ak relijye yo kòm yon kategori eskiz pou absans ki elijib. An 2021, yo te revize pou kanpe politik pou konvèti reta yo an absans ak bay nòt "Okenn kredi (No Credit, NC) ki baze sou prezans, menm jan an pou elve enpòtans pou santr sou absanteyism kwonik, kote tout absans yo ak lè ansèyman ki rate yo konsidere kòm etan yon enpak destriktif sou rezilta elèv yo.

Nan dat 10 Desanm 2015, Lwa Siksè Chak Elèv la (Every Student Succeeds Act, ESSA) te pwomilge, sa ki te reotorize Lwa federal Ansèyman Elemantè ak Segondè (Elementary and Secondary Education Act, ESEA)1965 la. Lwa a gen ladan li pwovizyon pou ede asire amelyorasyon rezilta yo pou tout elèv k ap benefisyè ansèyman elemantè ak segondè yo, ki gen ladan:

- Eta yo dwe etabli nòm kontni akademik yo, epi lekòl yo dwe anseye elèv yo nòm sa yo pou ede yo prepare pou fakilte a karyè yo.

- Eta yo, distri yo, ak lekòl yo dwe pataje enfòmasyon ak fanmi yo, elèv yo, ak kominote yo konsènan evalyasyon leta a ki mezire pwogrè elèv anvwè gwo nòm a yo.
- Eta yo ak distri yo dwe etabli sistèm pou sipò ak responsablite pou tout lekòl yo, epi bay sipò patikilye pou lekòl ki pi pa pèfòman yo, lekòl ki gen ti gwoup ki pa twò pèfòman yo, ak lekòl ki pa bay anpil diplòm yo.

Anba ESSA a, chak eta yo dwe devlope yon plan etatik konsolide ki dokimante yon apwòch konpreyansif pou amelyorasyon rezilta pou tout elèv yo. Plan Etatik Konsolide Massachusetts la anba Lwa Siksè pou Chak Elèv la (Every Student Succeeds Act, apwouve an septanm 2017, endike Eta a te mete absanteyis kòm yonn nan endikatè endis responsablite yo (mezi prensipal yo) pou tout lekòl ak tout distri lekòl yo adopte. Atravè politik sa a, chak lekòl genyen yon objektif pou yo redui absans kwonik la chak ane lekòl. Politik Prezans BPS (Boston Public School) la ki dekri nan dokiman sa a (ACA-18) te modifiye pou reflekte chanjman nan mezi prensipal yo pliske li gen rapò ak prezans ak absans kwonik.

ABSANS KWONIK

Rechèch resan yo rekonèt adrese absans kwonik la se youn nan priyorite ki pi enpòtan nan apwòch ekkitab pou prezans lan, paske elèv ki toujou absan yo genyen mwens chans pou yo reyisi sou plan akademik epi yo nan yon move pwopòsyon pami elèv nwa yo. Absans kwonik la siyifi pèdi 10 pousan oswa plis, nan ane lekòl la pandan yon peryòd. Tout absans yo konte pliske li ka idantifye kòm absans kwonik, menmsi absans lan gen yon eskiz ou pa. **Pou tout yon ane lekòl, yon elèv ki pèdi 18 jou lekòl, oswa anvwon 2 jou nan chak mwa, ap konsidere kòm yon elèv ki toujou absan.** Elèv ki pa vini lekòl regilyèman manke nan konpetans aprantisaj fondamantal yo, ak chans pou bati yon abitud prezans konsistan k ap mennen yo nan Inivèsite, karyè ak lavi.

Absans kwonik la ogmante chans pou yon elèv echwe sou plan akademik epi l ap batay pou li kenbe menm rit ak lòt kamarad yo. Absans kwonik nan premye klas yo ka enfliyanse kapasite lekti yon elèv nan fen twazyèm ane a, epi nan sizyèm ane a, sa ap vin endike si yon elèv ap abandone lè l rive nan segondè.

Konsistan ak politik prezans lan se bezwen pou kenbe rejis ki presi, opòten epi apwopriye, k ap genyen ladan yo enfòmasyon sou prezans elèv la ak dokiman rezon absans yo. Kidonk, tout estaf la dwe kenbe rejis ki presi, konsève dokiman yo, epi kominike ak paran yo/moun k ap pran swen nan yon fason ki opòten e ki efikas pou asire bon pratik nan prezans lekòl. Anplis, Boston Public Schools devwe pou li adrese absans kwonik yo atravè estrateji prevansyon ak entèvansyon nan lekòl la nan nivo distri yo, k ap pi byen ede elèv yo ak fanmi yo kenbe yon bon prezans konsistan epi ki alè. Chak lekòl ap priyoreze estrateji prevansyon ak entèvansyon k ap redui absans kwonik elèv yo.

Prensip jeneral sa yo aplike:

- Dapre lwa a, lekòl yo gen obligasyon pou yo gen yon rejis presi sou prezans elèv yo. Lekòl yo, nan tout nivo yo, dwe fè yon efò, ansanm, pou kontakte paran an oswa moun k ap pran swen elèv la chak fwa elèv la absan.
- Moun k ap dirije lekòl yo gen responsablite final la pou prezans nan lekòl yo a, epi pou konfòmite ak pwosedi e politik prezans ak ponktyalite yo.
- Y ap chèche sipò ajans ekstèn nan ka kote reyinyon nan lekòl yo pa rive jwenn yon kontinyòm pozitif nan atitud parantal ak/oswa asidite elèv yo.

POLITIK PREZANS BOSTON PUBLIC SCHOOLS YO

Prezans: Pou politik prezans Depatman Ansèyman Elemantè ak Segondè a (Department of Elementary and Secondary Education, DESE), yon elèv dwe nan lekòl la, nan yon aktivite ki gen rapò ak lekòl, oswa ap resevwa enstriksyon akademik pandan mwatye nan jounen lekòl la pou piti, pou li konte kòm prezans. Elèv ki pa prezans fizikman nan lekòl la, men ki ap resevwa enstriksyon akademik nan distri a, pandan mwatye nan jounen lekòl la pou piti, dwe konte kòm prezans. Ekzanp enstriksyon akademik yo gen ladan

yo, kou patikilye, aprantisaj sou entènèt, oswa aprantisaj adistans distri a bay. Sou prensip sa, patisipasyon nan Enstriksyon Lakay ak nan Lopital se sèl ka nan BPS (Boston public School) kote yo ka make pou elèv la "prezan nan yon manyè konstriktiv." Ou ka jwenn prensip adisyonèl konsènan rapò prezans ki soti nan DESE [isi](#).

Dire Tan an: Yon elèv dwe prezan nan lekòl pou omwen yon demi-jounen pou yo make "prezan".» Wè avèk dirijan lekòl la pou detèmine kisa yon demi-jounen ye. Nan majorite lekòl yo, li se:

- 3 è nan lekòl elemantè
- 3 è epi 5 minit nan lekòl primè
- 3 è epi 10 minit nan lekòl segondè

Rekiperasyon Kredi (Pa gen Politik Non-Krediblité Entèwonp): Pou fasilite nòt ki baze sou konpetans nan distri a, politik Okenn Kredi a (No Credit, NC) konsènan elèv ki genyen twa absans san eskiz nan yon trimès makan (kat (4) absans san eskiz nan lekòl yo avèk twa (3) trimès makan) te entèwonp. An konsekans, lekòl yo pa dwe bay elèv yo nòt "Okenn Kredi (No Credit, NC) ankò. Yo te bay prensip sa yo konsènan rekiperasyon kredi pou elèv yo:

- Nòt pasaj yo dwe baze sou konpetans, sa ki ka sibi enpak prezans akòz devwa manke oswa travay akademik, men ki pa dwe lye sèlman ak prezans oswa patisipasyon.
- Li esansyèl pou lekòl yo fè sansibilizasyon bonè epi souvan, pou elèv ki riske gen move nòt yo.
- Kòm yon altènativ, lekòl yo ka make yon elèv ak nòt "enkonplè" pou pèmèt li rekiperè yon aprantisaj ekitab.
- Nan tout ka yo, yon elèv ki pa fè yon bon nòt dwe jwenn opòtinite ak responsablité pou li rekiperè nan yon fason ki ekitab, tout sa li pèdi nan aprantisaj la oswa pou li ratrape yon travay manke nan yon peryod makan pou li ka gen yon bon nòt.

Absans ak Eskiz/san Eskiz yo: Kèk absans ka gen eskiz, sa vle di yo p ap konsidere nan sa ki konsène yon ranvwa nan tribinal pou timoun, pa yon sipèvizè prezans anba Lwa General Massachusetts la (Massachusetts General Law, M.G.L. c.119) Sepandan, li enpòtan pou konprann tout tan enstriksyon ki pèdi yo gen enpak negatif potansyèl sou rezilta elèv la. Anplis, tout absans yo konte pliske li ka idantifye kòm absans kwonik, menmsi absans lan gen yon eskiz ou pa. Pou yo aksepte eskiz yon absans, elèv yo dwe pote yon nòt apre chak jou yo absan yo.

- Nòt la dwe genyen dat li absan an, rezon ki koz li absan an, yon nimewo telefòn pou kontakte paran oswa moun ki responsab la, ak siyati paran an oswa moun ki responsab la
- Li dwe bay nòt la lè li retounen lekòl, pa pi ta pase **sèt** jou lekòl apre absans lan.
- Absans ki eskize ka tankou:
 - **Yon maladi oswa yon blesi ki anpeche elèv la prezan lekòl la. Si maladi a oswa ospitalizasyon an lakoz twa (3) oswa plis jou absans, moun k ap bay swen sante a dwe voye yon nòt k ap di pwoblèm sante a oswa ospitalizasyon an dwe tache ak nòt paran an/nòt moun ki responsab la. Yo pa atann paran yo/moun ki responsab yo ap jwenn yon nòt nan men moun k ap bay swen sante a pou yon maladi ki dire mwens pase twa (3) jou. Ekzijans pou genyen yon nòt ki soti nan men moun k ap bay swen sante p ap ranplase rezolisyon espesifik sante piblik yo oswa prensip yo. Yo ka konsilte enfimyè lekòl la konsènan tout kesyon oswa chanjman nan politik sa a, ki baze sou kèk sikonstans espesifik.**
 - Yon lanmò nan fanmi pwòch la (paran/moun ki responsab, frè ak sè, granparan, tant, tonton, kouzen) oswa lòt kriz pèsonèl oswa familyal ki enpòtan.
 - Sispansyon: Elèv yo ta dwe make kòm sispandi. Nan ka sispansyon yo, lekòl la ap bay yon opòtinite pou elèv la kenbe nivo akademik li nan lekòl pandan l ap ba li yon lis devwa ak lòt sèvis ki ka pèmèt elèv la itilize moman li pa lekòl la nan yon manyè ki pwodiktif.
 - Elèv ki afekte nan Succeed Boston yo gen travay lekòl yo afekte a ba yo, epi yo make yo kòm sispandi.
 - Konparisyon nan Tribinal: Elèv yo dwe prezante prèv ekzijans pou konparèt devan tribinal la.

- Ekzamen medikal oswa sikolojik pandan jounen lekòl la: Paran an/moun ki responsab la dwe montre prèw (tankou yon nòt ki soti nan sant sante a) ekzamen yo pa t ka pwograme pou apre lekòl.
 - Vizit nan lekòl ansèyman espesyal yo nan kèk ka, pou elèv ki gen andikap yo.
 - Lòt sityasyon: Tanzantan, sityasyon kote paran an/moun ki responsab la. ak elèv la gen yon ti oswa pa gen kontwòl ditou sa ki koz absans yo (pa ekzanp, transpò ki pa fonksyone pandan move tan). Absans sa yo eskizab. Dirijan lekòl la ka detèmine si elèv ki sibi enpak yo dwe make ak yon absans ki eskize.
 - Lòt sityasyon ekstrawòdinè, tankou ijans familyal, jan Konsèy Sit Eskolè a apwouve sa.
 - Konje kiltirèl ak relijye yo: Pou konsidere pratik kiltirèl ak relijye elèv yo nan jou pandan lekòl yo ouvè, absans sa yo ap make kòm eskize, avèk kòd motif "Konje Relijye" kote y ap bay yon nòt valid ki genyen siyati paran an oswa titè a. Tanpri, konsilte Sikilè Sirentandan an LGL-6 pou plis konsèy, oswa kontakte Sipèvizè Prezans ki deziyen an. Konje sa yo elijib pou eskiz pou yon jou: Diwali, Eid al-Adha, Eid al-Fitr, Good Friday, Kwanzaa, Lunar New Year, Nowruz, ak Yom Kippur. Yo obsève konje sa yo pandan plizyè jou e yo elijib pou eskiz pou de (2) jou: Hanukkah, Passover, Rosh Hashanah, Shavuot, ak Sukkot. Lekòl yo dwe bay opòtinite pou elèv yo remèt devwa ki manke yo oswa lòt travay ki te pou fèt pandan absans yo.
 - Tanpri kontakte Biwo Ekite a (617) 635-9650
oswabpsequity@bostonpublicschools.org konsènan absans yon elèv ki plis pase de (2) jou konsekitif oswa ki pa sou lis sa a. Sa ka gen ladan, patisipasyon nan yon seremoni kiltirèl, **dèy oswa fineray**, pèlerinaj, vwayaj, eks. ki mande pou elèv yo absan pou plis pase de (2) jou. Nan ka sa yo, yon elèv ka gen ekzijans pou i ranpli kritè sa yo pou l elijib pou li jwenn absans eskize pou yon pratik kiltirèl oswa relijye oswa **pou dèy pou asiste yon fineray pou plis pase de (2) jou:**
 - Elèv la pa toujou absan, sa vle di, elèv la te asiste plis pase 90% jou lekòl jiska dat.
 - Elèv la ap gen bòn nòt nan tout kou yo.
- Absans ki pa ranpli kritè anlè a p ap konsidere kòm eskize. Nan tout ka absans elèv la, elèv la dwe jwenn opòtinite pou li rekipere nan yon mannyè ki ekitab, tout travay li pa t fè yo oswa aprantisaj li pèdi yo pandan yon peryòd.

Konsèvasyon rejis ak amelyorasyon prezans: Dirijan lekòl yo gen responsablite final pou yo amelyore prezans yo nan lekòl yo a, pou ekilib ant responsablite ak angajman pozitif nan apwòch yo, ak pou asire evalyasyon pèfòmans yo refite efò manm pèsònèl yo pou konfòmite ak politik sa ak pou atenn objektif amelyorasyon prezans lan.

Jesyon Lekòl yo: Chak Ekip Siksè Elèv (Student Success Team, SST) lekòl yo, jwe yon wòl enpòtan nan etap prevansyon ak entèvansyon pou elèv ki toujou absan yo. Anplis SST (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv) a, li pi bon pou lekòl yo lè yo konvoke yon komite pou prezans oswa yon ekip pou prezans, avèk yon aksan sou estrateji prevansyon ak entèvansyon sou prezans yo nan lekòl yo, ki travay ansanm ak SST a. Se yon pi bon pratik pou lekòl yo tou lè yo kòmanse etap prevansyon yo ak elèv yo nan premye jou ane lekòl yo oswa peryòd notasyon. Lekòl yo dwe regade istorik prezans pase elèv yo, pou yo kòmanse etap prevansyon pou elèv yo ak yon istorik anpil absans epi refere elèv yo bay SST (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv) lekòl la. Elèv ki gen twa (3) oswa plis absans ki pa eskize ap refere bay yon anseyan oswa bay dirijan lekòl la pou SST (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv) nan yon mannyè pèmanan. SST a (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv) ap revize ka a ak travay la fanmi an pou devlope yon plan siksè k ap ede elèv la amelyore prezans li. Prensip lekòl yo dwe chanje pou yo mete prensip ki gen rapò ak prezans Konsèy Sit Eskolè a (School Site Council) te etabli yo.

Pwogram Prevansyon Absanteyis: Yon Plan pou Prevansyon Absanteyis yon lekòl bay yon wout aswiv pu aktivite enpòtan pou prevansyon ak entèvansyon yon lekòl ap reyalize pandan ane lekòl la pou asire yon prezans konsistan e ki alè pou tout elèv nan lekòl la. Yo ekzije pou tout lekòl itilize fòmilè elektwonik

la pou soumèt Plan Pwogram Prevansyon Absanteyis li a bay Sipèvizè Prezans lan, anvan 1ye Oktòb nan ane lekòl la.

PWOGAM PREVANSYON/ENTÈVANSYON ABSANTEYIS

Tout lekòl responsab pou l kreye epi aplike yon pwogram prevansyon absanteyis k ap adrese pwoblèm absanteyis yo. Pwogram sa a dwe kòmanse ak klima byenvini e ki cho, epi li ta dwe genyen apèl telefòn lakay, reyinyon etidyan, reyinyon paran/moun responsab, devlopman yon prezans plan/kontra, coaching prezans, referans pou Reyinyon Ekip Sipò Elèv ak/oswa Reyinyon Prezans. Swivi ak efò konistan pou rive jwenn elèv yo ak fanmi yo ki ap batay ak absanteyis kwonik la se yon pi bon pratik fondamantal. Yo atann pou lekòl yo itilize Platfòm Panorama Siksè Elèv la

pou siveye pwogrè prezans elèv yo, menm jan an pou dokimante plan entèvansyon ak siksè yo. Lekòl yo ta dwe konekte ak pwogram kominotè yo oswa òganizasyon ki ka ede ak pwoblèm absanteyis yo. Yo ekzije pou chak lekòl soumèt Plan Pwogram Prevansyon Absanteyis li a bay

Sipèvizè Prezans lan pandan y ap itilize fòmilè elektwonik anvan 1ye Oktòb nan ane lekòl la.

Diferansye Itilizasyon Aspen SIS la ak Platfòm Panorama Siksè Elèv yo Sistèm Enfòmasyon Etidyan Aspen nan rete sistèm rejis la nan kad kapti enfòmasyon enpòtan sou dosye elèv yo ak kebe konfòmite ak ekzijans règlemantè yo. nan kad prezans, lekòl yo ap fè apèl nan Aspen. Sepandan, lekòl yo espere itilize Platfòm Panorama Siksè Elèv la pou dokimantasyon tout aktivite prevansyon ak antèvansyon sou prezans yo, pandan y ap itilize ni fonksyonalite Sipò Nòt yo ni Plan Siksè Prezans Nivo 2 ak 3. Done Prezans Elèv ki rantr nan Aspen nan transmèt chak swa bay Panorama a pou siveyans prezans ak pou objektif planifikasyon siksè elèv yo. Tablo anba a montre kòman pèsonèl yo ka kontinye itilize ni Aspen ni Panorama.

<i>Aspen</i>	<i>Panorama Siksè Elèv</i>
<p>Aspen ap abitye ak:</p> <ul style="list-style-type: none">→ rantr chak jou prezans elèv→ akeyi orè ak kou elèv ki nan metriz yo→ rantr nòt kou yo→ akeyi orè anseyan endividyèl yo→ anrejistre prezans anseyan yo→ anrejistre rantr journal entim elèv yo→ rekòmande Tribinal Jivenil Konte Suffolk epi anrejistre dokiman pou yon Plan Entèvansyon Prezans (Attendance Intervention Plan, AIP)	<p>Panorama Reyisit Elèv la pral itilize pou:</p> <ul style="list-style-type: none">→ afiche done elèv→ akeyi Plan Siksè Prezans (nivo-2 ak nivo-3)→ deziyen manm ekip la pou kominikasyon ak kolaborasyon→ anrejistre nòt sipò ki gen rapò ak entèvansyon elèv yo→ ede chèche enfòmasyon yon sèl kote, tankou evalyasyon eklere
<p>NB: SOA responsab pou kopye dokiman ASP yo ki soti nan Panorama a si ka a rekòmande pou tribinal, epi nan lòt ka, jan sa nesèsè pou konfòmite.</p>	

Tout Plan Siksè Prezans dwe anrejistre kòm plan nivo-2 oswa nivo-3 nan Panorama a. Panorama a pèmèt planifikasyon ak anrejistremant entèkansyon yo, ansanm ak nòt yo, pou siveye efikasite entèkansyon sa yo nan kad objektif pou amelyorasyon nan pwosesis planifikasyon siksè elèv la. Ekip Siksè Elèv yo (Student Success Teams SSTs) nan nivo lekòl la ap genyen pou kreye Plan Siksè Elèv yo nan Panorama pou tout elèv ki toujou absan yo, oswa apwoche absanteyis kwonik la. Nan yon minimòm, chak elèv ki toujou absan dwe genyen Plan Siksè Prezans nan Panorama. Se yon pi bon pratik pou lekòl yo pou yo kowòdone ak kominike planifikasyon siksè elèv yo ak fanmi yo. Se yon pi bon pratik tou, pou lekòl yo etabli yon plan siksè nan kòmansman ane lekòl la pou elèv ki te toujou absan nan ane lekòl pase a.


Kòmman pou kreye Plan Siksè Prezans yoo nan Panorama

Kiyès ki ta dwe genyen yon Plan Siksè Prezans?

Pèsonèl yo kreye ASP yo dapre done ki nan Panorama Siksè Elèv yo:

- Plan Nivo 2 yo: Elèv ki gen 90% prezans oswa pi piti ap afiche kòm toujou absan nan Panorama a (jòn)
- Plan Nivo 3 yo: Elèv ki gen 80% prezans oswa pi piti ap parèt kòm prezans-kritik (wouj)

Yon kontwòl kalite adisyonèl:

- Idantifye elèv ak etikèt AIP nan Aspen:  (etikèt sa poko parèt nan Panorama)
- *Elèv sa yo ta dwe genyen yon Plan Siksè Prezans Nivo 3 ki kreye nan Panorama si pa genyen youn deja.*

Kisa ki Etap Esansyèl yo, lè w ap Kreye Plan Siksè Prezans?

Kreye Plan Siksè Prezans nan Panorama, epi sonje de (2) detay kle sa yo:

- 1) Anrejistre kòm Nivo 2 oswa Nivo 3
- 2) Anrejistre kòm Prezans

Intervention type

Attendance

Tier

Tier 2

Tier 3

- ★ Fonksyonalite nòt sipò panorama yo pral ranplase anpil itilite komen journal Aspen nan (Kominikasyon Fanmi Nivo 1)
- ★ Panorama ap abrite plan siksè elèv yo (Nivo 2 ak Nivo 3) - akademik, prezans, konpòtman
- ★ *Tanpri gade Sit Èd Panorama a ki nan lye sa a: [Sit Èd Panorama Siksè Elèv yo](#)*
- ★ *Kesyon: mtssdata@bostonpublicschools.org*

Elèv ki rive apre kòmansman jounen lekòl yo anreta. Yo dwe swiv pwosedi pou reta yo etabli yo pou yo ka konsidere yo prezans pou jounen an.

Yo atann pou elèv yo prezans nan lekòl la alè chak jou. Se politik Komite Boston School la (apwouve 24 mas 2006) ki vle pou elèv anreta yo jwenn pèmisyon pou rantre nan batiman lekòl la san yoo pa mete yo deyò. Yo mande pou dirijan lekòl yo a) revize politik aktyèl pou reta yo a, an konjonksyon avèk Konsèy Sit Eskolè yo, b) devlope pratik rezonab, ki san eskizyon, pou jere elèv retadatè yo ak motivasyon pozitif pou ankouraje ponktyalite, ak c) siveye depre, konfòmite ak politik sa yo.

Li enpòtan pou w sonje ekzijans pou pèmèt elèv retadatè yo rantre nan lekòl la pa vle di règleman ki kouvri prezans ak reta yo kraze. Lekòl yo dwe fè tout efò pou ankouraje ponktyalite epi dekouraje reta yo. Yo ankouraje lekòl yo pou distenge ant premye reta yo ak reta ki repete yo.

Dapre politik Komite Lekòl la (apwouve 6 jen 2007), yo mande pou tout lekòl segondè yo travay ak Konsèy Sit Eskolè yo epi ak reprezantan elèv yo pou yo etabli yon seri pwosedi ki jis epi rezonab pou diminye reta elèv yo. Pwosedi sa yo dwe adere ak prensip sa yo:

1. Yo dwe enfòmè fanmi yo lè elèv yo anreta, pa apèl telefòn, alekri, oswa pa imèl. Lekòl yo dwe swiv menm etap prevansyon/entèkansyon yo pran pou absans elèv yo.
2. Pwosedi pou reta lekòl segondè yo dwe detaye ak tout espikasyon kòman yo planifye pou enplike fanmi yo nan travay avèk elèv ki montre reta aleksè. An règ jeneral, reta aleksè a ka defini kòm anreta a 10% oswa plis jou lekòl.
3. Pwosedi pou reta nan lekòl segondè yo ta dwe gen ladan yo Plan Amelyorasyon Lekòl Kalite (Quality School Improvement Plan, QSIP), devlopman sa a se t ap responsablite Konsèy Sit Eskolè a.
4. Kòm yon pi bon pratik, tout lekòl yo ta dwe etabli plan siksè prezans nan Panorama pou elèv ki genyen reta aleksè yo.

Tout lekòl segondè yo, ki gen ladan yo, Pilot ak Horace Mann Charter Schools, yo ekzije yo pou yo konplete pwosedi pou reta yo a avèk endikasyon sa yo ki anlè a (ak lòt ankourajman/sipò jan Konsèy Sit Eskolè a jije l nesèsè) anvan 1ye oktòb ane lekòl la. Chak lekòl dwe genyen yon kopi pwosedi pou reta yo nan dosye.

1. Apèl la dwe fèt pa anseyan an nan kòmansman chak klas nan lekòl primè yo ak lekòl segondè yo. Apre konparezon peryòd prezans avèk prezans chak jou nan lekòl la, rediksyon efektiv elèv yo ta dwe note epi adrese swivan etap prevansyon/entèkansyon apwopriye yo.
2. Elèv retadatè lekòl primè ak lekòl segondè yo ta dwe make kòm absan pou tout klas yo manke yo.
3. Yon elèv dwe prezans pandan omwen mwaye nan jounen lekòl la pou yo konsidere l prezans. Nòt ranvwa antisipe yo dwe anrejistre avèk lè ranvwa a ak dokiman ki endike rezon an dwe rete nan dosye, an konfòmite ak pwotokòl lekòl la.

REJIS PREZANS YO

Responsablite ak rapò prezans lan oswa absans chak elèv ki afekte nan yon lekòl se youn nan pi gwo responsablite dirijan lekòl la. Rejis Prezans lan dwe fèt ak presizyon pou asire responsablite chak elèv ak rapò kotidyen prezans elèv yo nan SIS Aspen nan. Chak dirijan lekòl gen pou ekzijans pou li responsabilize prezans ak/oswa absans elèv yo e yo ekzije pou yo ankete ak poze aksyon ki apwopriye pou chak absans.

EKZIJANS PREZANS JENERAL YO

- a. Pwosedi pou prezans yo dwe revize avèk pèsònèl lekòl la pa dirijan yo pandan

devlopman pwofesyonèl anseyan an ak pwogram fòmasyon anvan kòmansman chak ane lekòl. Anseyan yo dwe siyen yon dokiman, ki konsève nan lekòl la, k ap sètifye yo te benefisye pwosedi sa yo ak fòmasyon an.

b. Pandan premye semèn lekòl la, sal anseyan yo, nan tout nivo yo, dwe rele paran yo/moun responsab elèv yo nan telefòn pou yo prezante tèt yo epi envite paran/moun responsab yo pou yo, swa vizite lekòl la swa rele nenpòt lè pou verifye prezans ak pwogrè timoun yo. Mesaj la ta dwe ranfòse nesèsite pou prezans yo konsistan ak pwosedi pou paran/moun responsab yo dwe swiv si pitit yo absan. Nan ka okenn etidyan pa t prezante nan kòmansman ane lekòl la, anseyan an dwe chèche konnen rezon ki fè elèv la pa prezan an. Anseyan yo dwe dokimante tout kominike pandan y ap rantre nòt sipò yo nan Panorama, mete ladan si yon elèv p ap retounen lekòl.

tanpri, remake yo p ap atann pou elèv yo ap prezante sou 8 jou premye jou lekòl oswa apre premye devwa. Sou uityèm (8yèm) jou a, elèv la ap vin otomatikman yon DNR (Pa t Prezante, DNR) epi lekòl la ap ranvwaye l. Yo dwe mete paran/moun responsab yo okouran pou pwosedi sa a lè yo rele yo si timoun yo a pa prezante.

PWOSEDI DNR

pwosedi sa yo ap aplike pou tout elèv ki pa prezante lekòl la (DNR, Did Not Report):

i. Yon elèv ap gen yon kòd NAS (Newly Assigned Student, Elèv ki Fenk Afekte) pou 5 jou maksimòm apre premye jou lekòl oswa apre premye travay. Sou sizyèm jou a, yon elèv ap vin otomatikman yon DNR (Pa t Prezante - Did Not Report, DNR).

ii. Yon elèv ap gen yon kòd DNR pou 3 jou maksimòm. Nan fen twazyèm jou a, yon elèv DNR ap pèdi plas li a nan lekòl li afekte a otomatikman. Sa ap rive nan fen jounen travay la sou uityèm (8yèm) jou lekòl la.

iii. Sou twazyèm jou estati DNR (oswa sou uityèm depi premye jou lekòl la oswa premye travay), plas elèv la ap elimine, sa k ap pèmèt Biwo Sèvis Akèy la bay yon lòt elèv plas sa.

iv. Elèv la ap toujou rete sou lis DNR lekòl la. Dirijan lekòl la toujou gen responsablite pou ankete sou sitiyasyon an ak, si nesèsè, alafen ranvwaye elèv pou retire l sou lis DNR la. Ranvwa a pa ka fèt jiskaske gen yon entèvyou pou soti fèt. Pou etidyan ak IEP yo, Depatman Ansèyman Espesyal la dwe bay yon entèvyou soti pou enfòmè elèv la ak moun responsab yo konsènan dwa yo genyen.

- c. Ekip Siksè Elèv yo ("SST, Student Success Teams") nan tout nivo yo genyen pou yo itilize Platfòm Panorama Siksè Elèv la epi, nan ka sa ekzijib, fè referans ak ajans sèvis imèn/sosyal oswa sanitè ki apwopriye yo. Si sansibilizasyon anseyan prensipal pa rive chanje modèl prezans yon elèv, yo dwe refere ka a bay SST a.(Student Success Team, Ekip Siksè Elèv yo)

Youn nan premye responsablite SST (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv) se pou adrese pwoblèm (1) elèv DNR, ak (2) elèv ki te konn toujou absan nan ane lekòl pase a.

Estati pou chak elèv ki pa t prezante (DNR) nan kòmansman ane lekòl la dwe gen ankèt sou yo epi jwenn rezon an pa SST a (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv) anvan yo ranvwaye elèv la.

Anplis SST (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv la) a, li pi bon pou lekòl yo lè yo konvoke yon komite pou prezans oswa yon ekip pou prezans, avèk yon aksan sou estrateji prevansyon ak entèvensyon sou prezans yo nan lekòl yo, ki travay ansanm ak SST a. SST a (Student Success

Team, Ekip Siksè Elèv la) ak/oswa ekip prezans lekòl la dwe etabli yon sistèm prezans ak twa nivo avèk pratik prevansyon ak entèvansyon ki defini k ap pwomouvwa prezans konsistan pami elèv yo. [Sistèm Prezans a Plizyè Nivo BPS la](#) disponib pou tout lekòl antanke yon fim pou ede yo etabli epi amelyore pratik prezans yo nan plizyè nivo.

- d. Yo ta dwe refere elèv absanteyis kwonik yo bay Sipèvizè Prezans yo sèlman apre referans SST epi tout etap prevansyon/entèvansyon te eseye epi dokimante.

RETIRE ELÈV

Depi ane lekòl la kòmanse, retrè elèv ki pa enskri nan lekòl ou a ka fèt nan nivo lekòl la, ou pa bezwen pèsonèl Biwo Santral la. Li enpòtan pou pèsonèl lekòl la verifye ki kote elèv la te enskri anvan li retire elèv la. Tanpri, sonje kenbe dokiman sou kote elèv la ap enskri a. Dokiman ekri oswa imèl prefere. Si fanmi an ekri ou yon mesaj tèks, nou sigjere ou voye yon kapti ekran sou imèl ou pou ou asire ou li anrejistre. Epi tou, tanpri, asire w' ou itilize kòd ranvwa ki apwopriye a lè w ap retire elèv la nan BPS (Boston Public School). Yon kopi kòd ranvwa a disponib [la a](#).

PWOSEDI PREZANS AK PONKTYALITE JENERAL YO

1. **Dirijan lekòl yo dwe chwazi yon manm nan pèsonèl yo a k ap gen responsablite pou kowòdone epi siveye plan prezans lekòl la.** Moun sa a dwe prezante l dirèkteman nan biwo administratè a konsènan efò sa. Plan an dwe pran yon apwòch pou tout lekòl la epi angaje pèsonèl la konplètman, nan aplikasyon yon sistèm prezans a plizyè nivo. Dirijan lekòl yo dwe asire yo pèsonèl yo genyen pou yo siveye done prezans ak tandans frekantasyon yo an pèmanans, sa ki ka mande fòmasyon adisyonèl nan Biwo Teknoloji Enfòmasyon ak Enstriksyon oswa Depatman Opòtinite Jenès.
2. Chak elèv make kòm Absan nan Sistèm Enfòmasyon Elèv la (SIS) nan premye jou lekòl e dwe make kòm Prezan pou kòmanse enskripsyon ofisyèl. Mete yon P nan premye jou asistans lan. Elèv ki parèt nan premye jou lekòl dwe gen P nan dat li parèt la.
3. Anseyan yo ap fè apèl epi repòte li sou sistèm SIS la. Biwo Santral la ap bay elèv ki kode kòm absan yo apèl otomatize sistèm prezans lan, chak jou nan anviwon 11:00 nan maten.
4. Elèv ki rive apre kòmansman jounen lekòl yo anreta. Yo dwe swiv pwosedi pou reta yo etabli yo pou yo ka konsidere yo prezan pou jounen an.

ESTRATEJI YO SIGJERE POU ADRESE RETA AK ABSANTEYIS

Nan devlopman Plan Prevansyon Absanteyis yo a (TTP), lekòl yo dwe aksantye sou yon apwòch pozitif konsènan prezans lan, pandan y ap itilize etap prevansyon/entèvansyon ki konsistan ak aplike estrateji espesifik pou adrese reta ak absanteyis. Distri a te devlope yon [Sistèm Prezans a Plizyè Nivo \(TAS, Tiered Attendance System\)](#) pou ede lekòl yo asire yo sou konsistans ak efikasite pratik prezans yo a nan lekòl la, pandan Platfòm Panorama Siksè Elèv la bay yon fim pou swiv epi siveye prezans elèv yo, entèvansyon yo, ak planifikasyon siksè. Sa ki vini annapre yo bay ekzanp **strateji pou adrese reta ak absanteyis:**

- Ekzanp pwogram entèvansyon ak prevansyon a plizyè nivo yo
 - Nivo 1: Rapò prezans ki fyab sou chak salklas; inisyativ klima lekòl pozitif tankou kenbe relasyon pozitif pami pèsonèl lekòl la, elèv ak fanmi; aktivite entèvansyon ak prevansyon konsistan avèk dokimantasyon nan Panorama a; Komite Prezans

Lekòl la; Kilt Prezans Lekòl la

- Nivo 2: Lèt prezans sible yo, kontra asistans yo; konferans elèv/fanmi; plan reyisit asistans; jesyon asistans; pwogram mentora
 - Nivo 3: Jesyon ka entans oswa mentora; pwogram espesyalize; responsabilize pèsonèl la pou l anrejistre rantr elèv yo; koneksyon avèk ak/oswa referans pou sèvis sipò espesifik oswa resous kominotè yo
- Itilize pratik jistis reparatris yo
 - konferans paran/èd swànyan ak/oswa ki santre sou elèv la
 - Kontra avèk elèv la ak/oswa paran/moun responsab
 - Rekipasyon Aprantisaj/Tan pou Rachte Prezans (pou reta ki repete oswa absans san eskiz yo)
 - **NB:** Yo entèdi lekòl yo pou yo retire elèv yo nan aktivite fizik yo pandan jounen lekòl la, tankou rekreyasyon oswa edikasyon fizik, tankou yon mezi disiplin. Sepandan, yo ka entèdi yon elèv patisipe nan atletik oswa aktivite para-eskolè nan yon jounen lekòl lè yon absans ki pa eskize lakoz yon elèv manke plis pase 50% jounen lekòl la.

Sigjesyon ensitasyon pozitif pou ponktyalite:

- Rekonesans sistematik, regilye, ak pèsonèl bon prezans oswa elèv ki amelyore asistans
- Prim pou salklas ki amelyore asistans yo oswa gen yon gwo prezans kòm yon gwoup
- Prim: Mayo, pass video
- Tikè bal gratis
- Sòti eskolè
- Pri oswa sètifika
- Tout lòt pri Konsèy Sit Eskolè a jije apwopriye

Lòt etap yo sigjere:

- Rann orè MBTA yo disponib nan lekòl yo
- Afiche règ sou reta ak ponktyalite kote y ap vizib
- Bay yon konferans ak elèv ak fanmi li pou reta repete yo
- Rele fanmi elèv ki anreta yo nan telefòn
- Travay avèk SST ak/or Ekip Prezans pou ankete sou sa ki lakoz reta elèv la.
- Sant Òganizasyon Elèv yo

Tanpri Kòd Kondwit BPS la pou plis èd konsènan estrateji yo sigjere yo.

MESAJ POU PARAN YO/MOUN RESPONSAB YO LÈ ELÈV YO ABSAN

Dirijan lekòl yo dwe enfòmè tout elèv yo ak paran yo/moun responsab yo pa mwayen bilten ekri, oswa bilten enfòmasyon, oswa Mesaje Lekòl la, nan kòmansman chak ane lekòl, konsènan Politik Prezans ak pwosedi bazik pou prezans nan lekòl Konsèy Sit Eskolè a adopte. Enfòmasyon sa a dwe ale nan lang nasyonal la.

Paran/Moun responsab yo dwe konnen yo gen yon nòt espikasyon ki siyen pou yo bay a chak fwa yon elèv absan. Nòt la dwe bay dat absans la (yo), rezon an, enfòmasyon pou kontakte paran/moun responsab la ak siyati paran/moun responsab la. Lekòl la dwe jwenn nòt la nan jou elèv la retounen lekòl. Lekòl la dwe resevwa nòt la nan **sèt** jou ki vini apre absans lan. Yon echantiyon fòm lèt pou paran yo/moun responsab yo ka disponib [isit](#). Yo atann pou lekòl yo itilize Panorama pou dokimante epi siveye aktivite entèkansyo prezans yo, tankou dokimantasyon chak etap ki dekri anba a.

1. PREMYE ABSANS

Administratè batiman an responsab pou li asire li pèsonèl la fè paran yo/moun responsab yo konnen pa mwayen telefòn, lè elèv yo absan. Se pi bon akonplisman anseyan prensipal la. Nan konvèsasyon sa yo, yo dwe raple paran yo/moun responsab yo (1) neseste pou yo voye yon nòt k ap espikè pou ki rezon chak fwa yon elèv absan, (2) enpòtans prezans konstan ak alè pou yon

elèv pou reyisit li nan lekòl epi (3) absans ki pa eskize yo ka lakoz elèv la regrese akademikman.

2. DEZYÈM AK TWAZYÈM ABSANS

Paran yo/moun responsab yo dwe okouran alekri anvan twazyèm absans elèv la (menm si absans yo te "eskize") epi regilyèman annapre. Notifikasyon sa dwe gen ladan ekzijans prezans lan, kantite jou ki te rate konpare kantite jou lekòl yo nan peryòd notasyon an ak enpak absans kontinye yo sou reyisit elèv la. **NB:** Absans sa yo pa bezwen konsekitif. Lèt sa dwe ekri nan lang nasyonal la. Nan lyen sa si se echantiyon yon lèt, ki ka nan antèt lekòl la.

3. TWAZYÈM ABSANS KI PA MOTIVE

Aprè twazyèm absans ki pa eskize a, anseyan prensipal la dwe refere elèv la bay SST a (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv la). Ekip la ap analize ka a epi rankontre pou yo fè rekòmandasyon pou asiste elèv la nan amelyorasyon asistans li. Ekip la ka envite paran an/moun responsab la nan reyinyon an, nan nivo segondè, elèv la, sepandan, si paran an/moun responsab la pa asiste reyinyon an, lekòl la dwe fè yon efò pou kontakte paran an/moun responsab la epi diskite ka a. Li rekòmande pou SST a (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv la) devlope yon plan siksè asistans nan Panorama nan etap sa.

4. KATRIYÈM ABSANS KI PA ESKIZE

Nan katryèm absans ki pa eskize nan okenn delè, dirijan lekòl la dwe konvoke yon reyinyon, kote paran an/èd swànyan dwe patisipe. Si lekòl la pa kapab kontakte paran an/èd swànyan, ta dwe gen yon vizit nan kay la. N ap diskite nan reyinyon an sou enplikasyon absans elèv la, ak sou estati akademik aktyèl elèv la tou. Plan siksè SST a (Student Success Team, Ekip Siksè Elèv la) te devlope apre twazyèm absans ki pa eskize a ta dwe revize.

5. SENKYÈM POU RIVE SETYÈM ABSANS KI PA ESKIZE

Nan senkyèm absans ki pa eskize a, yo ta dwe refere elèv la ak fanmi an bay Sant Resous Fanmi an oswa Sipèvizè Prezans ki afekte a.

6. UITYÈM ABSANS KI PA ESKIZE

Aprè uityèm absans ki pa eskize a, pou yon elèv ki gen pipiti pase 16 lane, reprezantan prezans yo te deziyen an dwe kowòdone avèk Sipèvizè Prezans ki afekte a pou detèmine si li nesèsè epi apwopriye pou prezante yon ka absanteyis devan Tribinal Jivenil Konte Suffolk la. Atachman #5 lan dekri etap ki nesèsè pou rekòmande yon ka pou tribinal. Anplis, lekòl la dwe kowòdone avèk travayè sosyal lekòl la pou sipò adisyonèl.

resous sa a rezime pwosesis ki dekri piwo a. Li sèvi kòm yon dokiman referans pou pèsonèl la.

Notasyon ranvwa pou absans, reta dwe anrejistre nan SIS Aspen nan, kòm sistèm rejis ofisyèl la. Dirijan lekòl la oswa moun li deziyen an ta dwe itilize Platfòm panorama Siksè Elèv la pou kontwole prezans nan tout lekòl la, pou pipiti chak mwa.

ABSANS KI MOTIVE

Rejis prezans elèv la dwe modifye pou l reflète absans motive a. Yon absans motive defini tankou yon absans ki koze pa maladi, blesi, ospitalizasyon, konparisyon devan tribinal, konje relijye, oswa lanmò yon pwòch nan fanmi an.

Lekòl la ka aksepte lòt rezon pou absans motive jan Konsèy Sit Eskolè a te dakò, si lekòl la pa resevwa yon nòt esplikasyon, yo ka jije absans lan "pa motive." Li enpòtan pou sonje, sepandan, tout absans yo konte pliske li ka idantifye kòm absans kwonik, menmsi absans lan gen yon eskiz ou pa. Lekòl la ta dwe pwosede ak etap prevansyon ak entèvensyon pou minimize tan entriksyon ki pèdi yo, menmsi absans yo motive ou pa. Anplis, paran yo/moun responsab yo dwe enfòme sou definisyon absanteyis kwonik la ak enpak li genyen sou rezilta elèv la:

Absans kwonik la siyifi pèdi 10 pousan oswa plis, nan ane lekòl la pandan yon peryòd. Tout absans yo konte pliske li ka idantifye kòm absans kwonik, menmsi absans lan gen yon eskiz ou pa. **Pou tout yon ane lekòl, yon elèv ki pèdi 18 jou lekòl, oswa anviwon 2 jou nan chak mwa, ap konsidere kòm yon elèv ki toujou absan.** Elèv ki pa vini lekòl regilyèman manke nan konpetans aprantisaj fondamantal yo, ak chans pou bati yon abitud prezans konsistan k ap mennen yo nan inivèsite, karyè ak lavi.

Absans kwonik la ogmante chans pou yon elèv echwe sou plan akademik epi l ap batay pou li kenbe menm rit ak lòt kamarad yo. Absans kwonik nan premye klas yo ka enfluyanse kapasite lekti yon elèv nan fen twazyèm ane a, epi nan sizyèm ane a, sa ap vin endike si yon elèv ap abandone lè l rive nan segondè.

Paran yo/moun responsab yo ta dwe enfòme, kòm yon pati Règ Lekòl la, rezon sa yo ki aksepte kòm "motive" ak sa yo ki pa aksepte pou motive yon absans.

NOTIFIKASYON POU PARAN/MOUN RESPONSAB POU SI YON TIMOUN LITE LEKÒL LA

1. Yon granmoun responsab dwe sipèvizite tout timoun yo tout tan pandan tout jounen lekòl la.
2. Si yon timoun make kòm disparèt, dirijan lekòl la dwe okouran touswit.
3. Apre yon premye rechèch nan lekòl ak nan vwazinaj imedya lekòl la, paran/moun responsab la dwe okouran pa telefòn osi rapid posib, e depatman apwopriye yo dwe konnen. (Gade *Sikilè Sirentandan SAF-9 la, Pwosedè pou Timoun ki Pèdi*)

PWOBLÈM SEKIRITE KI GEN RAPÒ AK PREZANS

Pou ka maksimize pwoteksyon ak sekirite tout elèv yo, lekòl yo dwe adopte mezi sa yo:

1. Fè paran an/moun responsab la konnen li enpòtan pou li asire li timoun yo rive nan arè bis alè chak maten epi yo monte bis la tou. Yo ta dwe mete aksan sou sa nan bilten enfòmasyon yo voye lakay yo nan kòmansman chak ane lekòl.
2. Enfòme paran an/moun responsab yo, yo ta dwe kontakte lekòl la pa telefòn chak jou timoun yo ap absan, akòz maladi, eks.
3. Fè paran/moun responsab yo konnen osito posib, menm atravè sistèm Mesaj Lekòl la, lè timoun yo ap absan.
4. Asire paran an/moun responsab la bay lekòl la yon bon nimewo telefòn ijans e ki ajou epi endike ki kote timoun yo ka ale lè yo rate bis la, sa vle di, lakay yon fanmi, zanmi, vwazen, eks. nimewo ijans sa yo dwe ajou lè sa nesèsè.

KONJE

Lekòl la ka bay elèv ki mande apwobasyon pou patisipe nan yon pwogram edikasyon ki pa sou sit, konje;konje sa ka dire plis pase yon semèn men pa plis pase yon ane akademik. Jan de konje sa yo ta dwe an konfòmite avèk endikasyon sa yo:

1. Paran an/moun responsab la, elèv la, ak reprezantan lekòl la dwe rankontre anvan konje a kòmanse. Tout endikasyon ki baze sou lekòl ki asire pwogram kalite ta dwe esplike, epi aksepte pa paran an/moun responsab la ak elèv la.
2. Yo atann pou elèv la satisfè ekzijans lekòl la oswa pwogram li te swiv pandan konje li a. Elèv la

- dwe konplete yon pwodui edikasyon ki aksepte oswa yon ekzamen lè li retounen lekòl la.
3. Yo dwe esplike paran an/moun responsab la ak elèv la endikasyon sa yo anvan konje a.
 4. Lekòl andeyò a oswa pwogram nan dwe dokimante prezans elèv la epi voye yon rapò bay lekòl kote elèv la soti a nan fen peryòd konje a.
 5. Pandan plas nan lekòl ap rete pou elèv yo te apwouve pou yon konje yo, epi pandan yon nòt ta dwe ale nan dosye pèmanan elèv la, elèv yo pa ka make kòm "prezan konstriktivman" pandan yon konje, dapre endikasyon eta yo.

Yo sigjere pou yon akò pou konje ki genyen endikasyon sa yo ak tout lòt ekzijans ki baze sou lekòl pou yo devlope epi siyen pa tout pati yo - elèv la, paran an/moun responsab la, ak reprezantan lekòl la - anvan konje a. Paran an/èd swànyan ak elèv l adwe genyen yon kopi kontra a epi yon kopi dwe rete nan dosye pèmanan elèv la.

SOUTYEN ESKOLÈ LAKAY AK NAN LOPITAL

Lè yon medsen di yon elèv pa ka prezan fizikman lekòl la pou plis pase 14 jou konsekitif, oswa yo antisipe li ka pase plis pase 14 jou absans nan yon ane lekòl, elèv la dwe benefisye soutyen lakay li oswa nan lopital. Oryantasyon anvè pwogram ansèyman adomisil ak nan lopital la dwe fèt lè enfimye lekòl l aresewva deklarasyon medsen an. Asistans elèv ki ap patisipe nan Pwogram Ansèyman Adomisil ak nan Lopital la ta dwe make kòm "konstriktivman prezan" (CP). Lekòl la dwe dokimante alekri, tout òf pou soutyen adomisil ak tout sa paran an oswa moun responsab aksepte oswa refize. Si yon paran/moun responsab refize yon soutyen adomisil oswa lòt sèvis akademik apwopriye pou yon timoun k ap absan pou yon peryòd pwolonje, fòk refi sa anrejistre epi rete nan dosye timoun nan epi yon 51A pral jwenn Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF). Lè medsen k ap trete oswa pedyat elèv la estime li pral konfine nan yon kay oswa lopital pou plis pase 60 jou, se Depatman Ansèyman Espesyal ki pral evalye elèv la, dapre règleman leta 603 CMR 28.04(4)

RANVWA - PWOSEDI KI ESPESIFIK POU LAJ

ELÈV KI GEN 16 LANE OSWA PLIS NAN DAT 1YE OKTÒB NAN ANE LEKÒL LA - Pa MGL Ch. 76 Sec. 18.

- a. Nan premye semèn oktòb la, dirijan lekòl la ap resewva yon lis enprime ki genyen chak elèv ak deziyasyon NAS oswa DNR
- b. Nan 5 jou ki swiv dizyèm absans konsekitif la, dirijan lekòl la dwe kontakte alekri (nan lang yo pale nan kay la) paran/èd swànyan elèv la ki gen 16 lane oswa plis, pou li enfòm li sou ekzijans M.G.L c.766 Seksyon 207 epi pou mande yon reyinyon pou diskite sou enplikasyon edikasyon pou elèv la si li pa retounen lekòl, avantaj obtansyon yon diplòm, rezon elèv la ki fè li vle kite lekòl, ak pou konsidere lòt ansèyman oswa lòt plasman. Avi a dwe ofri omwen de (2) dat ak lè pou yon entèvyou soti, pati yo pral dakò sou yon dat, epi reyinyon an ap fèt nan 10 jou apre li fin voye avi a. Dirijan lekòl la dwe repwodwi epi itilize echantyon fòm lèt ki nan lyen sa [isit](#) epi soumèt yon kopi bay Direktè Sant Re-Angajman BPS la nan yon semèn. Pou etidyan ak IEP yo, Depatman Ansèyman Espesyal la dwe bay yon entèvyou soti pou enfòm elèv la ak moun responsab yo konsènan dwa yo genyen.
- c. Dirijan lekòl la dwe fè yon reyinyon selon jan paran an/moun responsab la vle l, men nan 10 jou apre li fin voye avi a. Sou demann paran an/èd swànyan, ka genyen yon pwolonjman ki p ap depase 14 jou.
 - d. Si elèv la prezante lekòl la apre entèvyou soti a avèk paran an/èd swànyan, dirijan lekòl la dwe asire l li make elèv la ak yon "P" nan rejis prezans lan.
 - e. Si elèv la pa oswa pa dwe retounen lekòl apre entèvyou soti a ak paran/swànyan, dirijan lekòl la dwe mande yon deklarasyon paran/swànyan sou echantyon lèt ki nan lyen [isi](#). Voye yon kopi lèt sa a

bay Direktè Opsyon Edikasyon yo ak Chèf Operasyon yo, epi ranvwaye elèv sa pa mwayen Form 625, fòmilè pou yon elèv ki gen afektasyon li Boston Public Schools dwe fini, sa vle di, elèv la prale nan yon lekòl prive oswa lekòl piblik deyò Vil Boston, oswa elèv enkonni ki gen absans yo t ap ankete sou yo, oswa elèv ki te "abandone" lekòl. Fòm 625 ekzije:

1. konsèvasyon yon kopi nan lekòl la kote fòm nan inisyè, (pou elèv ki "ap abandone a", konsèvasyon kopi blan e jòn yo tou).
2. livrezon yon kopi bay paran/èd-swànyan elèv ki prale nan lekòl prive oswa lòt sistèm lekòl piblik.
3. livrezonn yon kopi bay sirentandan nouvo sistèm lekòl la. Si elèv la te transfere nan yon lekòl prive oswa nan yon lekòl prive sou kontra, yon kopi te al jwenn direktè nouvo lekòl la.

g. Dirijan lekòl la dwe ranvwaye elèv nan gwoup laj sa ki gen paran/moun responsab yo ki refize rankontre dirijan lekòl la oswa ki gen anplasman yo pa ka detèmine apre chak esè te fèt epi dokimante pou lokalize elèv la jan sa prezante nan M.G.L. C.766, Seksyon 207 Sèlman apre yon efò bòn fwa pou mete paran/moun responsab la èske entèvyou soti a ka fèt ak elèv san prezans paran/moun responsab.

h. Dirijan lekòl la dwe kenbe rejis detaye epi pare pou aksè pou chak elèv k ap jistifye aktivasyon ranvwa a, Fòm 615

ELÈV KI GEN PIPITI PASE 6 LANE NAN DAT 1YE OKTÒB NAN ANE LEKÒL LA

- a. Nan yon semèn apre resepsyon enpresyon NAS/DNR la, dirijan lekòl la dwe kontakte alekri paran/moun responsab elèv la pou enfòmè li sou yon plas ki te rezève pou elèv la nan pwogram edikasyon lekòl la; paran an/èd swànyan t ap asire patisipasyon elèv la EPI elèv la dwe prezante nan yon semèn oswa elèv la ap ranvwaye. Tanpri, itilize fòm lèt la tache [la a](#)
- b. Si elèv la pa prezante nan yon semèn, dirijan lekòl la dwe ranvwaye elèv la dapre pwosedi pou Form 625 ki detaye piwo a. Pa gen komunikasyon adisyonèl ak paran/èd swànyan ki ekzijib.

DIRIJAN LEKÒL YO P AP RANVWAYE YON ELÈV ANT LAJ SIS AK SÈZ LANE JISKASKE TOUT PWOSEDI KI NOTE PIWO A KONLETE AK JISKASKE YO RESEVWA AVI EKRI A NAN MEN SIPÈVIZÈ PREZANS YO.

KÒD RANVWA YO

Li enpòtan pou ou itilize kòd ranvwa ki apwopriye a lè w ap retire elèv la nan BPS (Boston Public School).

Li enpòtan pou Yon kopi kòd ranvwa yo disponib [la a](#)

PWOSEDI POU REFERANS AK SIPÈVIZÈ PREZANS YO

Iterasyon politik prezans sa a vle pou lekòl yo pran entèkansyon asistans ak soutyen yo epi itilize referans Sipèvizè Prezans yo sèlman kòm dènye rekou. Nan kontèk sa, Sikilè saa reflète pwosedi Boston Public Schools yo pou refere elèv yo ak Sipèvizè Prezans yo (SOA). Dapre M.G.L. c.119 Seksyon 21 Seksyon 39E Seksyon 39F ak Seksyon 39G, Tribinal Jivenil Boston kapab tandè petisyon yo pou detèmine si yon timoun bezwen sèvis. **Nan Boston Public Schools yo, sèlman SOA (Supervisors of Attendance, Sipèvizè Prezans) kapab soumèt petisyon Timoun ki Bezwen Asistans lan nan non distri a pou asistans oswa kesyon ki gen pou wè ak konpòtman.**

Li genyen endikasyon yo sou:

- Pwosedi pou ranvwa ak Plan Entèkansyon Prezans (AIP, Attendance Intervention Plan)
- dosye Timoun ki Bezwen Asistans (CRA, Child Requiring Assistance)
- Echèk Granmoun nan Pale (ADF, Adult Failure to Cause)

ISTWA

M.G.L. c. 119 Pati 1 Tit XII Chapit 69, Seksyon 10 di, Depatman Ansèyman Elemantè ak Segondè dwe adopte règleman ki pou etabli yon pwosesis pou sètifikasyon pwogram prevansyon absanteyis la, an konfòmite ak kad sante konpòtmantal ak lekòl piblik yo bati dapre 19 nan chapit 321 nan lwa 2008 yo, e li dwe ekzije pou pwogram prevansyon absanteyis la evalye nivo soutyen ekstraeskolè a pou elèv yo ak fanmi yo epi trete kondisyon ki rann elèv yo vin pi absanteyis ak ankò, men pa sèlman, nesosite espesyal ki pa t mansyone anvan oswa mal trete, entimidasyon ak asèlman. Tout pwogram prevansyon absanteyis kitabli dapre seksyon sa pa yon distri lekòl dwe satisfè ekzijans pou sètifikasyon depatman an adopte yo.

Sipèvizè Prezans yo, k ap travay an kolaborasyon avèk pèsònèl lekòl yo ak ajans ekstèn yo, kapab mande yon ranvwa nan tribinal ki baze sou rezilta ankèt yo, asistans pase yo, ak pwoblematik asistans kounya a. **Depo yon CRA (Child Requiring Assistance, Timoun ki Bezwen Asistans) se dènye rekou si lòt entèkansyon nan lekòl yo, nan ajans ekstèn yo, ak/oswa pèsònèl asistans yo pa pote amelyorasyon.**

SOA a (Supervisors of Attendance, Sipèvizè Prezans) ka depoze petisyon CRA (Child Requiring Assistance, Timoun ki Bezwen Asistans) ak dat nesans paran/moun responsab ki mandate a.

Dabitid toujou Absanteyis

Yo depoze yon plent sivil kont elèv ki pèdi 8 jou lekòl nan yon trimès.

Elèv ki Souvan Pa Respekte Règleman Lekòl la

Yo depoze yon plent sivil kont elèv ki souvan pa respekte règleman legal ak rezonab lekòl la.

Echèk Granmoun pou Koz

Petisyon ki depoze lè yon elèv absan envolontèman epi akòz aksyon oswa inaksyon moun ki responsab li a. ekz. yon timoun ki twò jènn pou ale lekòl poukont li.

PLAN ENTÈKANSYON ASISTANS (ATTENDANCE INTERVENTION PLAN, AIP)

Menm si tout aktivite entèkansyon sou asistans yo kounya dwe dokimante nan Platfòm Panorama Siksè Elèv yo, Plan Entèkansyon Asistans lan disponib pou chak elèv ki genyen kat (4) oswa plis absans ki pa motive nan SIS Aspen nan. AIP nan SIS Aspen nan la pou objektif sa yo:

- Idantifye elèv ki elijib pou yon ranvwa nan tribinal akòz uit oswa plis absans ki pa eskize nan yon peryòd notasyon.
- Pou dirijan lekòl yo rekòmande yon ka pou tribinal kòm dènye rekou lè tout estrateji prevansyon/entèkansyon asistans te fin epize
- Pou dokimante tout aktivite entèkansyon asistans ki konfòm, patikilyèman pou ka ki rekòmande pou tribinal yo. Sipèvizè Prezans yo (SOA) ap veve pou tout dokiman sou konfòmite ki soti nan Panorama a rantre nan Aspen nan tou (sa vle di, si yon ka pase devan tribinal, SOA a responsab pou li kopye plan entèkansyon Panorama a nan Aspen).
- Pou yon kontwòl kalite, pèsònèl lekòl ki responsab prezans lan ka verifye si tout elèv ki gen yon AIP ki jenere nan SIS Aspen nan (akòz 4 absans ki pa eskize oswa plis nan yon peryòd notasyon)kapab genyen tou Plan Siksè Prezans ki kreye nan Panorama a. Kòm yon pi bon pratik, tout elèv ki toujou ap absan dwe genyen yon Plan Siksè Prezans nan Panorama a.

Depi yon elèv genyen uit absans san eskiz nan yon peryòd notasyon, dirijan lekòl ka rekòmande AIP a pou tribinal nan SIS la Sipèvizè Prezans yo (SOA) ap veye pou tout dokiman sou konfòmite ki soti nan Panorama a rantrè nan Aspen nan, sa gen ladan plan siksè prezans lan, avèk etap entèkansyon prezans lan yo te pase avèk elèv la, jan sa dokimante nan Panorama a. **Dat nesans paran/moun responsab la obligatwa nan pwosesis jidisyè a.** AIP a ap mande pou paran/moun responsab la bay dat nesans al ak dokimantasyon etap entèkansyon yo tankou yon Plan Siksè Prezans nan Panorama a. San enfòmasyon sa a, AIP a pap ka rekòmande pou tribinal. SOA a ap ankete epi rapòte rekòmandasyon li a nan seksyon kòmantè SOA a. Ekspedite ak dirijan lekòl yo ka wè kòmantè yo. Enstriksyon pou tretman plan AIP a dekri [la a](#).

ETAP ESKOLÈ YO NAN PWOSESIS CRA A(CHILD REQUIRING ASSISTANCE)

CRA: Absanteyis

1. Sou 4yèm absans san eskiz la, dirijan lekòl la oswa pèsònèl li deziyen an anseyan pensipa la ap resevwa yon imèl notifikasyon kap soti nan SIS la pou enfòmè yo gen yon Plan Entèkansyon Prezans (AIP) ki te an plas pou yon elèv pandan trimès la.
2. Sou 8yèm absans san eskiz la pandan trimès la, dirijan lekòl la oswa pèsònèl li deziyen an oswa anseyan prensipal la ka rekòmande pou yo voye yon elèv AIP nan tribinal akòz anpil absans aleksè ak nonkonfòmite ak Plan Siksè Prezans la, jan sa dokimante nan Panorama a. AIP (Attendance Intervention Plan, Plan Entèkansyon Prezans lan) p ap rekòmande pou tribinal si elèv la pa genyen yon Plan Siksè Prezans ki dokimante nan Panorama. Nan moman sa a, SOA (Supervisors of Attendance) ap ankete sou ka a, pandan l ap refere l nan mezi lekòl la deja pran ak rezilta yo deja kominike. Ankèt sa ka genyen ladan l apèl telefòn, vizit sit travay lakay/paran/moun responsab la, vizit nan lekòl ak apèl telefòn, lèt bay paran yo/moun responsab yo kote sa nesèsè, epi nan kèk ka, kontak avèk epi ranvwa nan ajans ki enplike yo.
3. SOA (Supervisors of Attendance) ap prezante rezilta ankèt yo nan lekòl la atravè sistèm SIS la. **Sipèvizè a ap mande tou, pou lekòl yo enfòmè li sou nouvo pwoblèm asistans yo.**
 3. **Si asistans lan pa amelyore, lekòl yo dwe voye plis AIP nan Biwo Asistans lan sèlman si CRA ouvè a te fèmen, pandan y ap alète SOA a ankò pou swivi. Entèkansyon siplemantè yo dwe dokimante nan Panorama pou mete SOA (Supervisors of Attendance) okouran sou dènye aksyon ak rezilta lekòl la.**
 4. Ankèt la ak swivi a ap fèt pa mwayen yon repons nan sistèm SIS la, pa imèl, oswa reyinyon.
 5. Sipèvizè Prezans yo, nan kolaborasyon ak pèsònèl lekòl la, pran desizyon sou mezii yo pral pran selon rezilta ankèt, abitud asistans pase yo, ak korespondans ak paran/èd swànyan ak lekòl la. **Yon opsyon se ranvwa nan tribinal. SOA (Supervisors of Attendance) te pran desizyon pou depoze yon CRA (Child Requiring Assistance) sou baz konstataasyon ak rezilta Etap 1 - 4 e sèlman apre li te fin eseye tout lòt mwayen posib. CRA ap depoze sèlman si elèv la gen 8 absans san eskiz oswa plis nan yon grenn trimès epi lekòl la te itilize fonksyonalite Plan Siksè Prezans ki nan Panorama pou li te dokimante etap entèkansyon yo.**
6. Lè AIP a rekòmande pou tribinal, SOA a ap itilize Fòmilè Enfòmasyon Sipèvizè Prezans lan oswa kontakte pa telefòn pou mete lekòl okouran sou aksyon sa. Si yon CRA depoze, tribinal la ap afekte yon ajan pwobasyon ak timoun nan.
7. **Si asistans lan pa amelyore apre depozisyon CRA a, yo dwe kominike ak ajan pwobasyon anak/oswa SOA a.**

CRA pou Elèv ki Pa Souvan Obeyi ak Règleman Lekòl la

Desizyon pou depoze yon dosye timoun ki bezwen asistans pou yon timoun ki souvan dezobeyi règleman lekòl la nan yon tribinal pou minè nan Konte Suffolk dwe swiv etap prevansyon/entèkansyon yo epi pi bon pratik Kòd Kondwit BPS la (Boston Pibil School) avèk tou, Filozofi ak Prensip pou Swiv yo. **NB:** Yon CRA pou yon elèv ki souvan dezobeyi règleman lekòl la ka depoze sèlman pou elèv sizyèm ane ak plis.

1. Apre twazyèm gwo vyolasyon prensip lekòl la, lekòl la ap mande yon CRA (souvan dezobeyi règleman lekòl la) nan sistèm SIS la bay Biwo Asistans lan pou swivi ak ankèt. Apre demann lan fin ranpli, dokiman sa yo dwe akonpaye pa faks: kopi yon lèt ki siyen pa yon ofisyèl lekòl la nan antèt avèk etap prevansyon/entèkansyon pou amelyore konpòtman elèv la. Lekòl la dwe bay tou, dokimantasyon twa gwo vyolasyon sa yo.
2. SOA a ap ankete sou ka a pou l detèmine si depo a jistifye. Li ap prezante desizyon an nan lekòl la.
3. Lè petisyon **CRA** a depoze, SOA a ap itilize Fòmilè Enfòmasyon Sipèvizè Prezans lan oswa kontakte pa telefòn pou mete lekòl okouran sou aksyon sa. Lè petisyon CRA a depoze Tribinal la ap afekte yon ajan pwobasyon ak timoun ou an.
4. **Si konpòtman elèv la pa amelyore apre depo CRA a, fok yo kominike ak Ajan Pwobasyon an ak/oswa SOA a, epi lekòl la dwe kontinye pwosede ak aksyon apwopriye yo selon Kòd Kondwit la.**

CRA: PWOSESIS ECHÈK GRANMOUN POU KOZ (ADF)

Ka sa yo se plent penal yo depoze kont paran/moun responsab ki anpeche delibere man, timoun yo ale lekòl. Sa se yon akizasyon grav, ki mande temwanyaj sou sèman SOA a nan non lekòl la. Tribinal la ka bay mande paran/moun responsab yo peye amann, nan ka ekstrèm yo, ap gen lòt konsekans pou nonrespè lalwa a

Se menm etap yo ak ka CRA yo, sof li depoze kont paran/moun responsab si ankèt SOA a mennen an jwenn prèv ki jistifye depo, epi gen bezwen pou enfòmasyon sou paran/moun responsab la, kote nan kèk ka, se nan men pèsonèl lekòl la yo ka jwenn yo. Pa egzanp, **plent lan pa ka depoze san dat nesans ak deskripsyon fizik paran/moun responsab la, ni prèv dokimante entèkansyon sou prezans lan avèk èd fonksyonalite Plan Siksè Prezans lan nan Panorama.** Pa konsekans, li enpòtan pou pèsonèl la pran enfòmasyon yo davans anvan rekòmandasyon ka a pou tribinal.

Pou plis enfòmasyon sou sikilè sa, kontakte:

Non:	Brian Marques, Direktè Prensipal
-------------	----------------------------------

Sikilè Sirentandan # ACA-18 , 2021- 2022

Mercredi 1 septembre 2021

Paj 18 nan18

Depatman:	Depatman Opòtinite Jenès
Adrès Postal:	443 Warren Street, Dorchester, MA 02121
Telefòn:	617-635-9620
Imèl:	bmarques@bostonpublicschools.org

Dr. Brenda Cassellius, Sirentandan